



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA AK YON NOUVO FAZ
APLIKASYON POU PWOGRAM NYFIRST LA POU AVANSE RECHÈCH
TRANSLASYONÈL NAN FAKILTE MEDIKAL NOUYÒK YO**

***Nouvo faz aplikasyon an ofri yon peryòd aplikasyon 12 mwa pwolonje ak
admisyon kontinyèl pou plis fleksibilite***

Aplikasyon yo ak direktiv pou 6è faz la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ekspansyon 10 milyon dola pou Fon Nouyòk pou Inovasyon nan Rechèch ak Talan Syantifik (New York Fund for Innovation in Research and Scientific Talent, NYFIRST) ak lansman dènye faz pwogram nan. Pwogram nan, ke Empire State Development administre, te ranfòse avèk siksè kapasite rechèch translasyonèl Eta a depi lansman li an 2018. Pwogram nan bay sibvansyon pou lekòl medikal yo pou atire epi kenbe syantis rechèch translasyonèl klas mondyal nan Eta Nouyòk, ak objektif jeneral pou kiltive nouvo antrepriz byoteknoloji epi ankouraje kwasans ekonomik dirab atravè kreyasyon djòb ki mande anpil konpetans ak opòtinite komèsyal. Rechèch translasyonèl la baze sou rechèch syantifik fondamantal pou jwenn nouvo fason pou dyagnostike ak trete kondisyon medikal yo. Aplikasyon pou sizyèm faz pwogram nan ap dire 12 mwa konplè avèk revizyon kontinyèl, sa ki pèmèt lekòl medikal yo soumèt aplikasyon jiska 30 avril 2026. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [paj NYFIRST ki sou sitwèb Empire State Development lan](#).

"Pwogram NYFIRST nou an vin tounen yon fòs transfòmasyon pou avansman syantifik, li transfòme enstitisyon medikal Nouyòk yo an pòl konpetitivite ki atire lespri ki pi briyan nan rechèch la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman 10 milyon dola sa a konfime angajman nou pou nou ankouraje yon ekosistèm syans lavi dinamik kote inovasyon revolisyonè yo devlope epi kreye travay dirab ki gen anpil valè nan tout eta nou an."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,"Atravè envestisman estratejik tankou NYFIRST, n ap pozisyon nouyòk kòm destinasyon prensipal pou inovasyon nan syans lavi atravè lemond. Lè talan syantifik eksepsyonèl chwazi eta nou an, dekouvèt laboratwa inovan pa yo ka evolye pi vit pou tounen terapi ki chanje lavi ki ka benefisye tout Nouyòkè yo."

Nouvo delè 12 mwa pou aplikasyon an bay chak fakilte medikal fleksibilite pou yo prezante pi bon kandida yo selon yon orè ki pi byen mache—sa enpòtan sitou lè y ap kowòdone relokasyon chèchè yo ak ekip yo atravè peyi a. Fakilte medikal yo kalifye pou aplike yon sèl fwa pa sik aplikasyon. Fleksibilite sa a asire ke chèchè yo rekrute yo reprezante pi bon kandida yo nan domèn yo, epi benefis pou ekosistèm syans lavi eta a ap kontinye odela apre peryòd sibvansyon yo. Nouvo fòm aplikasyon yo disponib sou [paj NYFIRST sou sitwèb Empire State Development lan](#).

Yo te lanse NYFIRST an 2018 avèk yon finansman inisyal 15 milyon dola. Bidjè pou ane fiskal 2025 la te prevwa 10 milyon dola anplis pou NYFIRST, paske li rekonèt potansyèl li genyen pou estimile devlopman ekonomik enpòtan nan syans lavi atravè eta a. Pwogram nan bay jiska 1.0 milyon dola finansman pou kouvri depans ki gen rapò ak rechèch chak chèchè a, avèk tout egzijans finansman detaye nan [direktive yo](#).

Depi lansman pwogram nan, yo te akòde 12 sibvansyon NYFIRST bay fakilte medikal yo nan Nouyòk, sa ki te pote nouvo talan nan eta a epi kreye plis pase 160 nouvo djòb dirèkteman, ki gen ladan 95 nouvo anplwaye ki soti andeyò Eta Nouyòk. Chèchè yo rekrute yo te pote apeprè 25.7 milyon dola nan finansman NIH ak lòt finansman nan enstitisyon respektif pa yo nan Nouyòk epi depi lè sa a yo te ranmase 93.1 milyon dola anplis nan finansman ekstèn. Tout investigatè yo te rekrute pandan senk premye sik aplikasyon yo te kreye djòb epi kontinye travay nan lekòl ki te rekrute yo a, sa ki demontre NYFIRST ap atenn objektif li yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)